

Blòk Modèl Seri 1

Jwèt Kastèt an Koulè



Jwè 1+

Laj 3+


5 min+

OBJEKTIF


Ranpli kastèt la grasa blòk modèl yo.

MATERYÈL


Blòk Modèl yo oswa fòm papye dekoupe




Pou jwèt sa a, itilize modèl kastèt ki soti nan Seri 1 an:




Seri 1: Kastèt an Koulè



Seri 2: Fòm Jwèt Kastèt



Seri 3: Ki Kantite Fason?



VOKABILÈ

Sèk

Triyang

Rektang

Kare

Lozanj

Pentagòn

Egzagòn

Oktagòn

KESYON


Ki jan w fè konnen ki moso pou mete la a?

Èske w kapab ranpli fòm sa a yon fason diferan?

[Atribi fòm](#)

KÒMAN POU JWE

1. Chak timoun chwazi yon modèl kastèt.
2. Asire w timoun yo gen ase blòk modèl pou kouvri kasèt yo.
3. Fè timoun yo mete blòk modèl yo pa anlè chak fòm kastèt jiskaske kastèt la fin rasanble konplètman.



KONSEY POU JWE

- Bay timoun yo tan pou fè desen pa yo avèk blòk modèl yo, epi pou yo itilize modèl yo.
- Mete blòk modèl yo nan yon gwo vesò ki ouvri, tankou tèt yon bwat, pou ede yo rete sou tab la olye pou mete yo atè a.
- Lè timoun yo fèk kòmanse, yo kapab pa mete blòk yo nan sa ki trase yo egzakteman. Tank yo ap vin gen eksperyans, yo kapab vin pi presi lè yo ap mete blòk modèl yo nan liy yo.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Lè w byen suiv timoun yo pandan yo ap jwe ak kastèt blòk modèl yo, se yon bon fason pou wè devlopman rezònman espasyal yo. Rezònman espasyal se kapasite nou genyen pou reflechi sou bagay yo ak fòm yo epi pou deplase yo mete nan nouvo ak diferan pozisyon.

- Pandan timoun yo ap travay sou modèl kastèt yo, pale konsènan fòm yo ap itilize yo. Sa ap ba yo yon pakèt posibilité pou aprann non ak kalite fòm yo. Pandan w ap pale sou fòm yo, remake ki kalite ki sanble enterese timoun yo - koulè, gwosè, kantite kote, longè kote yo, elatriye.
- Ede timoun yo aprann idantifye fòm yo menmsi oryantasyon fòm nan chanje. Yon triyang ki 'tèt anba' se toujou yon triyang, epi yon kare ki panche nan kwen se toujou yon kare!
- Pandan timoun yo ap koute epi fè pratik lè yo itilize vokabilè fòm yo, ou kapab montre yo resanblans ak diferans ki genyen nan somè oswa ang yo*, kantite kote yo, ak longè kote yo. Epitou, ou kapab itilize ekspresyon pou mezi yo tankou menm/egal, plis/mwens, ak pi kout/pi long.

* Yon nòt sou vokabilè a: Yon somè (pliriyèl somè yo (vur-tuh-seez)) se kote de (2) kote rankontre. Yon ang se espas ki genyen ant kote de (2) liy rankontre. An jeneral, yo mezire ang yo an degré. Pa egzanp, yon kare gen kat (4) somè ak kat (4) ang 90° .

SIJÈ MATEMATIK

Modèl ak Estrikti

Fòm ak Jeyometri

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe Jwèt Kastèt an Koulè.



Education
Development
Center

www.ym.edc.org

© EDC 2024



Blòk Modèl Seri 2

Jwèt Kastèt ki Trase

Jwè 1+

Laj 4+


5 min+

OBJEKTIF


Ranpli kastèt la grasa blòk modèl yo.

MATERYÈL


Blòk Modèl yo oswa fòm papye dekoupe




Pou jwèt sa a, itilize modèl kastèt ki soti nan Seri 2 an:




Seri 1: Kastèt an Koulè



Seri 2: Fòm Jwèt Kastèt



Seri 3: Ki Kantite Fason?



VOKABILÈ

Sèk

Triyang

Rektang

Kare

Lozanj

Pentagòn

Egzagòn

Oktagòn

KESYON


Kisa ki ap rive si nou vire moso sa a? Èske sa ede li koresponn?

Kisa ki ap rive si nou met moso sa a tèt anba? Èske sa ede li koresponn?

[Atribi fòm](#)

KÒMAN POU JWE

1. Timoun yo chwazi yon modèl kastèt ki gen chak fòm yo trase an nwa.
2. Bay tout moun ase blòk modèl pou ranpli kastèt la.
3. Apresa, timoun yo ap mete blòk modèl yo nan chak fòm kastèt la jiskaske kastèt la fin ranpli konplètman.



KONSEY POU JWE

- Bay timoun yo tan pou fè desen pa yo avèk blòk modèl yo, epi pou yo itilize modèl yo.
- Mete blòk modèl yo nan yon gwo vesò ki ouvri, tankou tèt yon bwat, pou ede yo rete sou tab la olye pou mete yo atè a.
- Pou timoun ki pi pití ki ap jwe yo, eseye kòmanse ak Seri 1 an. Pou nivo defi ki pi wo a, eseye Seri 3 a kote pa gen okenn bagay ki trase pou fòm endividylèl yo, epi timoun yo kapab eseye ranpli kastèt la plizyè fason.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Lè w byen suiv timoun yo pandan yo ap jwe ak kastèt blòk modèl yo, se yon bon fason pou wè devlopman rezònman espasyal yo. Rezònman espasyal se kapasite nou genyen pou

reflechi sou bagay yo ak fòm yo epi pou deplase yo mete nan nouvo ak diferan pozisyon.

- Pandan timoun yo ranpli fòm ki trase yo, verifye si yo konnen byen rapid ki blòk yo jwenn oswa si yo eseye epi fè erè ak kèk blòk diferan pou wè kiyès ki koresponn.
- Epitou, ou kapab verifye si timoun yo kapab deplase, vire, epi mete blòk yo tèt anba pou fè yo koresponn. Bay timoun yo anpil tan pou yo eseye poukонт yo. Apresa, si sa nesesè, ou kapab ba yo sijesyon sou diferan blòk pou yo eseye.

SIJÈ MATEMATIK

Modèl ak Estrikti

Fòm ak Jeyometri

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Jwèt Kastèt ki Trase*.



Education
Development
Center

www.ym.edc.org

© EDC 2024



Blòk Modèl Seri 3

Kastèt ki Kantite Fason



Jwè 1+

Laj 5+


5 min+

OBJEKTIF


Gade ki kantite fason diferan ou kapab ranpli kastèt ki trase a.

MATERYÈL


Blòk Modèl yo oswa fòm papye dekoupe




Pou jwèt sa a, itilize modèl kastèt ki soti nan Seri 3 an:




Seri 1: Kastèt an Koulè



Seri 2: Fòm Jwèt Kastèt



Seri 3: Ki Kantite Fason?



VOKABILÈ

Sèk

Triyang

Rektang

Kare

Lozanj

Pentagòn

Egzagòn

Oktagòn

[Atribi fòm](#)

KESYON

Ki jan w fè konnen ki moso pou mete la a?



Konbyen fason ou kapab ranpli sa ki trase a?

Èske w kapab ranpli desen sa a avèk plis blòk?



Èske w kapab ranpli desen sa a avèk pi piti blòk?

KÒMAN POU JWE

1. Timoun yo chwazi yon modèl kastèt ki trase sèlman.
2. Bay tout moun ase blòk modèl pou ranpli kastèt la.
3. Timoun yo ranpli kastèt la grasa blòk modèl yo.



4. Ankouraje timoun yo eksplor epi itilize diferan konbinezon blòk pou konplete desen yo.
5. Pou yon defi anplis, nou te ajoute yon seri modèl ki gen plizyè kopi nan menm bagay ki trase a. Pa egzanp, yo kapab ranpli egzagòn sa yo lè yo itilize diferan konbinezon blòk.



Pou ede timoun yo kòmanse ak sa, ou kapab poze kesyon tankou, “Ki kantite trapèz ki fè yon egzagòn? Ki kantite lozanj ble? Ki Kantite triyang? Kijan nou kapab itilize yon sèl trapèz, yon lozanj ble ak yon sèl triyang pou fè yon egzagòn?”

KONSEY POU JWE

- Seri 3 a se seri blòk modèl ki pi difisil la paske pa gen okenn fòm ki trase oswa koulè pou ede timoun yo idantifye ki blòk ki ap koresponn ak kote a.
- Mete blòk modèl yo nan yon gwo vesò ki ouvri, tankou tèt yon bwat, pou ede yo rete sou tab la olye pou mete yo atè a.
- Pou konpare diferan solisyon ki gen nan menm kastèt la, ou kapab swa itilize plizyè kopi modèl la oswa fè foto yon solisyon anvan ou eseye yon lòt.
- Seri kastèt nou an fèt yon fason pou chak timoun kapab jwe nan nivo difikilte ki "bon egzakteman" pou yo a. Timoun ki nan nivo debitán yo kapab itilize koulè ki nan Seri 1 yo pou ede yo konn ki kote blòk yo dwe ale. Apresa, nan nivo entèmedyè a, yo kapab rezoud kastèt ki nan Seri 2 a, lè yo itilize fòm ki trase yo. Lè timoun yo pare pou defi ki pi gwo a, yo kapab itilize Seri 3 a, epi rezoud kastèt yo lè yo itilize trase ki deyò yo sèlman.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Kastèt ki nan Seri 3 a fèt pou pouse timoun yo reflechi sou fason pou mete fòm yo ansanm epi pou mete yo apa. Grasa pratik, yo kapab rekonèt gen plizyè fason yo kapab fòme diferan fòm. Pa egzanp, itilize yon lozanj ble ak yon triyang pou fòme yon trapèz.
- Nan Seri 3 a, gen kèk modèl ki gen anpil kopi yon sèl kastèt nan menm paj la. Lè w wè diferan fason pou konpoze menm kastèt la, ou kapab fè konparezon epi pale sou diferan solisyon yo.

SIJÈ MATEMATIK

Modèl ak Estrikti

Fòm ak Jeyometri



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade video ki montre koman pou jwe *Kastèt ki Kantite Fason*.



Education
Development
Center

www.ym.edc.org

© EDC 2024

